

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) prosedur panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, sarta (6) téhnik analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kuantitatif, pamarekan dina panalungtikan anu nekenkeun kana uji tiori ngaliwatan pengukuran variabel panalungtikan ku angka jeung ngalakukeun analisis data maké prosedur statistik (Paramita, 2015). Méthode anu digunakeunana nyaéta méthode kuasi ékspérimén, atawa méthode ékspérimén semu anu dilaksanakeun di kelas ékspérimén wungkul kalawan teu maké kelas kontrol (Nazir, 2014).

Nurutkeun Arikunto (2010) désain dina panalungtikan nu ngagunakeun méthode kuasi ékspérimén téh aya tilu, nyaéta (1) *One Shot Case Study*, (2) *One-Group Pretest-Posttest*, (3) *Static Group Comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeunana nyaéta *One-Group Pretest-Posttest*, anu dilaksanakeun di kelas VIII H SMPN 40 Bandung. *Pre-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment*, tuluy *treatment* dilaksanakeun ku cara ngalarapkeun média sosial *TikTok* kana matéri pangajaran maca warta, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sabada *treatment* sangkan mikanyaho kamampuh ahir siswa. Anapon tabél desain panalungtikanana saperti ieu di handap.

Tabél 3. 1
Désain Panalungtikan

O_1	X	O_2
-------	-----	-------

Desain Panalungtikan *pre-test* jeung *post-test*

(Sugiyono, 2017)

Keterangan:

O₁ : *Pre-Test* (kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun média sosial *TikTok*)

X : Ngalaksanakeun *treatment* pangajaran ngagunakeun média sosial *TikTok*

O₂ : *Post-Test* (kamampuh maca warta sabada ngagunakeun média sosial *TikTok*).

3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023 dina maca warta saméméh jeung sabada digunakeunna média sosial *TikTok*. Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun di SMPN 40 Bandung anu alamatna di Jl. Wastukencana No. 75, Tamansari, Kec. Bandung Wetan, Kota Bandung, Jawa Barat 40116. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023 anu jumlahna 28 siswa anu ngawengku 13 siswa lalaki jeung 15 siswa awéwé, saperti nu katitén dina tabél ieu di handap.


Tabél 3. 2
Data Siswa Kelas VIII H SMP Negeri 40 Bandung

Lalaki	Awéwé	Jumlah
13	15	28

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa alur dina ieu panalungtikan kagambar saperti bagan ieu di handap.

Bagan 2. 1
Alur Panalungtikan



3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik tés. Sabada dibéré matéri ngeunaan pangajaran maca warta, siswa tuluy prakték maca warta dina média sosial *TikTok* dumasar léngkah-léngkah nu geus ditangtukeun. Éta kontén vidio maca warta nu dijieun ku siswa téh diunggah kana akun *TikTok* séwang-séwangan pikeun mikanyaho hasilna. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- Siswa dibéré matéri ngeunaan warta jeung téhnik dina macana.
- Panalungtik nataharkeun naon-naon nu diperlukeun pikeun pangajaran maca warta ngagunakeun aplikasi *TikTok*.
- Sabada dilaksanakeun *treatment* ngagunakeun média sosial *TikTok*, kontén-kontén siswa (maca warta dina *TikTok*) ditiléy pikeun mikanyaho kamampuh ahirna sabada ngagunakeun média sosial *TikTok*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta tés. Dina prak-prakan panalungtikanana, dimimitian ku tés awal (*pre-test*) anu can dibéré *treatment* jeung tés ahir (*post-test*) anu geus dibéré *treatment* ngagunakeun média sosial *TikTok*. Instrumén dina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

Paréntah:

1. Buka aplikasi *TikTok*, pék unduh kontén duét maca warta nu aya dina akun *TikTok* @renatatresniawati_
2. Regepkeun kalawan daria, perhatikeun lentong, témpo, artikulasi jeung éksprésina
3. Pék pilih vidio jalma kahiji, tuluy jieun kontén *TikTok* ngagunakeun *fitur* duét dina vidio nu dipilih
4. Unggah vidio dina akun *TikTok* séwang-séwangan, tulis wasta, kelas, sarta ngaran sakolaSumanget, cag!

3.6 Analisis Data

Data anu baris diolah téh nyaéta data dina tés awal jeung tés ahir tuluy dipeunteun dumasar kritéria peniléyan anu geus ditangtukeun. Anapon léngkah-léngkah analisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

- a. Ngumpulkeun data *pre-test* jeung *post-test*, kalawan miboga tatapakan ku cara ngagunakeun rubrik peunteun saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3
Aspék nu dipeunteun dina Maca Warta

Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
Lentong	5	Hadé pisan, kalawan lentong anu pas pisan naék turunna
	4	Hadé, kalawan lentong anu pas naék turunna
	3	Sedeng, kalawan lentong anu rada naék turun
	2	Kurang, kalawan lentong anu kurang pas naék turunna
	1	Kurang pisan, kalawan lentong anu teu pas naék turunna
Artikulasi	5	Hadé pisan, kalawan artikulasi anu béntés pisan
	4	Hadé, kalawan artikulasi anu béntés
	3	Sedeng, kalawan artikulasi anu rada béntés
	2	Kurang, kalawan artikulasi anu kurang béntés
	1	Kurang pisan, kalawan artikulasi anu henteu béntés
Témpo	5	Hadé pisan, kalawan témpo anu luyu pisan jeung randegan kalimah, teu gancang atawa alon teuing.
	4	Hadé, kalawan témpo anu luyu jeung randegan kalimah, teu gancang atawa alon teuing.
	3	Sedeng, kalawan témpo anu kurang luyu jeung randegan kalimah, rada gancang atawa rada alon.
	2	Kurang, kalawan témpo anu teu luyu jeung randegan kalimah, gancang atawa alon.
	1	Kurang pisan, kalawan témpo anu teu luyu jeung randegan kalimah, gancang atawa alon pisan.
Éksprési	5	Hadé pisan, kalawan teu geumpeur jeung katingali siap pisan
	4	Hadé, kalawan teu geumpeur jeung katingali siap
	3	Sedeng, kalawan rada geumpeur jeung katingali kurang siap
	2	Kurang, kalawan geumpeur jeung katingali kurang siap
	1	Kurang pisan, kalawan geumpeur pisan & katingali teu siap

(Haerudin & Suherman, 2013 kalawan diropéa)

b. Méré skor kamampuh siswa dina maca warta

$$Peunteun = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

(Arikunto, 2013)

Tabél 3. 4
Katégori Peunteun

Katégori Peniléyan	
0-25	Kurang Pisan
26-40	Kurang
41-60	Sedeng
61-80	Hadé
81-100	Hadé Pisan

(Haerudin & Suherman, 2013)

c. Ngasupkeun peunteun kana tabél

Tabél 3. 5
Format Skala Peunteun Maca Warta

No. Absén Siswa	Aspék nu dipeunteun				Σ	P	Katégori
	A	B	C	D			
1.							
2.							
Jst.							

Katerangan:

A = Lentong kalimah

B = Artikulasi

C = Wirahma/témpo

D = Éksprési

Σ = Jumlah

P = Peunteun

3.6.1 Uji Sipat Data

Sabada ngumpulkeun data jeung nganalisis data, tuluy ngalaksanakeun uji sipat data ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis ngagunakeun program SPSS versi 18. Anapon carana saperti ieu di handap.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Pikeun meunangkeun hasil distribusi normal atawa henteuna data nu dipaké dina ieu panalungtikan, dilakukeun uji normalitas ku cara ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* (SW). Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap:

H_0 : distribusi data normal

H_a : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikansi 95% ($\alpha = 0,05$). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_a ditolak, nalika nilai sig (signifikansi) $\geq 0,05$

H_a ditarima atawa H_0 ditolak, nalika nilai sig (signifikansi) < 0.05

3.6.1.2 Uji Hipotésis

Saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun distribusi data teu normal, maka dina nguji data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tes. Ari statistik non-parametris digunakeun saupama data hasil uji normal nuduhkeun distribusi data teu normal kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

H_a (Hipotésis Alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta sabada dilarapkeunna modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* ka siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023.

H_0 (Hipotésis Nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta saméméh dilarapkeunna modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* ka siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023.